



Règleman asistans finansyè pou pasyan

Rezime nan yon Langaj senp

Kòm yon pati nan misyon Pwogram Reading Hospital la se bay swen sante byenveyan, aksesib, kalite siperyè, ekonomik nan kominote a, nou rekonèt kèk pasyan yo ak fanmi yo ka bezwen asistans finansyè ede ak depans sèvis swen sante yo. Se poutèt sa, Reading Hospital ofri pasyan asistans finansyè pou asire tout moun jwenn bon jan kalite swen sante.

Kalifikasyon ak Asistans yo ofri

Pasyan yo refize bay kouvèti Medicaid, oswa yo evalye epi yo jwenn ki pa ranpli kondisyon pou kouvèti Medicaid la, y ap mete yo nan pwogram Asistans Finansyè Reading Hospital pou Pasyan an. Pasyan ak fanmi yo ki vle aplike pou asistans ka remèt yon aplikasyon ak dokiman sipò yo bay yon reprezantan sèvis finansyè Reading Hospital la.

Gid Federal sou Povrete yo mete ajou chak ane epi yo sèvi pou detèmine elijiblite pou Asistans Finansyè Pasyan an. Y ap mande pasyan pou yo bay prèv revni fwaye an ansanm ak non moun ki nan fwaye a pandan pwosesis aplikasyon an. Enfòmasyon sa yo ap sèvi pou wè ki kote anndan Konsiy Federal sou Nivo Povrete a (Federal Poverty Level Guidelines oswa FPL) fwaye an tonbe. Kategori FPL la ap detèmine kantite lajan yon pasyan ap peye pou yon bòdwo medikal. Pou pasyan ki depase 400% nan FPL la, se to ki san garanti a ki aplike. To san garanti a se 70% nan kantite lajan yo faktire anjeneral yo epi li aplike lè yo fè yon premye vèsman lajan. Yo pap chaje pasyan ki kalifye pou asistans finansyè plis pase kantite lajan yo faktire anjeneral pou ijans oswa lòt swen medikal nesèsè.

Aplike pou Asistans Finansyè Pou Pasyan

Tanpri vizite sit entènèt nou an nan: <https://reading.towerhealth.org/patients-families/billing-and-insurance/financial-assistance/> pou jwenn règleman nou yo sou asistans finansyè ak aplikasyon. Dokiman yo tradwi nan plizyè lang epi yo disponib sou sit entènèt la. Anplis de sa, ou kapab ekri nou nan imel call.center@towerhealth.org oswa rele nou nan 484-628-5683 pou mande kopi di tout Règleman sou Asistans Finansyè pou Pasyan ak aplikasyon an.

Nou ankouraje pasyan kòmanse aplike pou asistans finansyè pi bonè posib. Pi bonè Reading Hospital konnen pwoblèm finansye yo, plis posiblite pasyan an genyen pou l konekte ak resous ki ka genyen tankou Medicaid oswa lòt asistans oswa pwogram asirans. Pasyan yo ka mande konsiderasyon pou asistans finansye nan nenpòt ki moman pandan tan preparasyon bòdwo ak rekouvremant lajan.

Si ou bezwen èd pou aplike, yon reprezantan sèvis finansye pou pasyan Reading Hospital la ap gide ou nan pwosesis aplikasyon an. Tanpri vizite biwo Sèvis Finans Pasyan nou an ki chita nan:

Reading Hospital
South 6th Avenue
C Building Entrance

Ou ka kontakte nou tou pa imèl nan call.center@towerhealth.org oswa rele nan 484-628-5683.